



Yon koutje Sou Child Health Plus

KI MOUN KI KALIFYE?

TIMOUN KI:

- Poko gen 19 lane
- Rezidan Eta New York
- Pa kalifye pou Medicaid
- Pa gen pwoteksyon nan lòt asirans sante
- Pa kalifye pou oswa pa enskri nan yon asirans sante grasa yon pwogram ki bay avantaj sante nan eta a (NYSHIP)
- Timoun yo kapab kalifye kèlkeswa sityasyon yo ak imigrasyon

NY State of Health respekte lwa Federal konsènan dwa sivik ak lwa Eta ki anvigè yo, epi li pa fè diskriminasyon ki baze sou ras, koulè, orijin nasyonal, kwayans/relijyon, sèks, laj, eta sivil/familyal, kazyè jidisyè, kondanasyon penal, idantite seksyèl, oryantasyon seksyèl, karakteristik predispozisyon jenetik, sityasyon militè, viktim vyolans nan kay epi/oswa vanjans.

KISA YON ASIRANS YE?

- Vizit pou byennèt timoun
- Egzamen fizik
- Vaksinasyon
- Swen pou pasyan ki etènè lopital/pasyan ki fè operasyon
- Sèvis laboratwa ak imajri
- Sèvis swen dan ak swen zye
- Sèvis ijans
- Fizyoterapi ak terapi pwofesyonèl akoutèm
- Medikaman yo preskri ak Medikaman yo Pa preskri, si se yon pwofesyonèl lisansye ki kòmande li
- Sèvis tretman pou pasyan ki pa etènè (chimyoterapi, emodyaliz)
- Sèvis sante mantal ak sèvis pou pwoblèm konsomasyon alkòl/dwòg pou pasyan ki etènè ak pasyan ki pa etènè
- Sèvis Lapawòl ak Tande

Sa a se pa yon lis ki gen tout avantaj asirans yo. Pou nenpòt kesyon konsènan sèvis ak avantaj asirans yo nan kad plan sante ou la ak founisè yo, ou ka kontakte plan sante ou la dirèkteman.

KONTAKTE NOU:

nystateofhealth.ny.gov | 1-855-355-5777 oswa TTY 1-800-662-1220

KONBYEN YON PLAN CHILD HEALTH PLUS KOUTE?

FRÈ POU PEYE CHAK MWA: Pri pou peye chak mwa a depann selon revni kay la ak kantite moun ki nan fanmi an.* Pa gen okenn prim pou fanmi ki gen revni yo ba. Fanmi revni yo pi wo yo peye yon prim chak mwa, selon tablo ki anba a. Pou fanmi ki pi plis yo, limit pou frè chak mwa a se sou twa (3) timoun. Fanmi revni yo depase nivo pou asirans ki sibvansyone yo kapab peye tout prim nan, ki varye selon plan sante ki fè pati pwogram nan.

KOTIZASYON NAN FRÈ YO: Child Health Plus pa gen okenn franchiz anyèl epi pa gen kopeman.

Maksimòm Revni Chak Ane selon Kantite Moun ki nan Fanmi an				Kontribisyon Fanmi an Chak Mwa Pou Chak Timoun (ou p ap peye pou plis pase 3 timoun)
1	2	3	4	
\$33,434	\$45,377	\$57,321	\$69,264	\$0
\$37,650	\$51,100	\$64,550	\$78,000	\$15 (maksimòm \$45)
\$45,180	\$61,320	\$77,460	\$93,600	\$30 (maksimòm \$90)
\$52,710	\$71,540	\$90,370	\$109,200	\$45 (maksimòm \$135)
\$60,240	\$81,760	\$103,280	\$124,800	\$60 (maksimòm \$180)
plis pase \$60,240	plis pase \$81,760	plis pase \$103,280	plis pase \$124,800	Prim konplè, selon plan sante a (pa gen maksimòm pou fanmi)

*Baze sou Nivo Povrete Federal (Federal Poverty Levels, FPL) 2024 yo. Nou ka chanje Nivo Revni yo chak ane selon chanjman ki fèt nan FPL la.